



Minit Reyinyon | Reyinyon Komite Kowòdinasyon #1

Life's Just Greener Here

19 Janvye 2023 | 4:00 p.m.

Patisipan:

Pamela Landi – Vil Wilton Manors
Jeffrey Hiscock – Baxter ak Woodman
Alexis Shotton – Baxter ak Woodman
Rebecca Bradley – Cadence
Hope Calhoun – Dunay, Miskel ak Backman PA
Ron Falk – Wilton Manors Business Association
Bert Fisher – Wilton Manors Utilities Department
Tim Hernandez – New Urban Communities
Andrew Riddle – Metropolitan Planning Agency
R. David Walker – Audubon Society

Sara Ellis – Etidyan ki Manm
Aiden Herrero – Etidyan ki Manm
Cali Myers – Etidyan ki Manm
Danni Shepard – Etidyan ki Manm

Absan:

Alec Bogdanoff – Brizaga Engineering
Ginou Charles – Etidyan ki Manm



Minit Reyinyon | Reyinyon Komite Kowòdinasyon #1

19 Janvyè 2023 | 4:00 p.m.

Nou te fè Reyinyon Komite Kowòdinasyon pou Evalye Risk sou Nivo Lanmè a ki ap Monte, nan Meri Vil Wilton Manors la Jedi 19 Janvyè 2023 a 4:00 p.m. Konvèsasyon anrapò ak pwen nou te pale nan jounen an souliye an ble:

Komite a te reyini a 4:00 PM.

Pamela Landi te swete gwoup la byenvini nan non Majistra Newton lan. Patisipan yo te prezante tèt yo.

Madam Landi te fè kèk remak pou kòmanse, li te dekri misyon komite a, epi li te prezante prensip direktif pwojè a.

Jeff Hiscock nan Baxter Woodman, te bay yon apèsi tou kout konsènan domèn aplikasyon sèvis etid la, epi li te prezante kat (4) dyapozitif pou konplete kòmantè yo.

Après, nou te fè yon konvèsasyon nan tèt kole. Manm Fisher, te bay yon deskripsyon tou kout sou sistèm apwovizyonman dlo, dlo ize ak jèsyon dlo lapli. Manm Myers, te poze kesyon konsènan kantite tan tiyo dlo yo dire. Manm Hernandez, te mande si Vil la kapab kowòdone amelyorasyon sèvis piblik anba tè yo ak lòt sèvis piblik tankou konpayi elektrik ak fib optik. Manm Riddle, te mande si nan domèn aplikasyon an gen egzamen sou efè konpoze yo tankou chalè ak dlo anba tè. Pou reponn, Mesye Hiscock te di yo ap konsidere dlo anba tè a, men, chalè a pa antre ditou nan domèn aplikasyon an. Manm Bradley, te poze kesyon sou aksè nan dokiman yo nan plizyè lang ak plizyè fòm, epi li te mande manm pèsònèl la pou asire yo dokiman yo aksesib pou tout moun. Manm Hernandez, te poze kesyon sou règlemantasyon dig yo, posib motivasyon yo, epi li te mande pou manm pèsònèl la evalye ki chanjman ki ap bezwen fè nan règleman lokal yo anrapò ak devlopman tèritwa a pou atenn objektif rediksyon yo. Manm Herrero, te poze kesyon sou posibilite pou yon kowoperasyon estratejik, tankou yon kowoperativ, monte dig yo. Manm Bradley, dakò pou bèj vivan yo efikas menm jan ak dig yo epi li te bay ankourajman pou yo pran sa an konsiderasyon.

Madam Landi te konsidere kòmantè komite a epi li te antre yo nan dokiman prensip direktif yo pou revizyon ak apwobasyon pandan pwochen reyinyon nan mwa a.



Minit Reyinyon | Reyinyon Komite Kowòdinasyon #1

Life's Just Greener Here

19 Janvyè 2023 | 4:00 p.m.

Konvèsasyon nan Tèt Ansanm

- Paj 5 Patenarya ak Kolaborasyon – Ki kalite estrateji nou kapab mete sou pye pou ankouraje antite prive yo kolabore? [Gen fon federal ki kapab disponib pou ede nou fè rediksyon yo, tankou dig yo.](#)
- Paj 6, Ekonomi “Respekte règleman lokal yo anrapò ak devlopman tèritwa a.” – Règleman tèritwa lokal yo fè pati pwoblèm/koupab yo. Prevwa chanjman pou “evalye modifikasyon ki bezwen fèt nan règleman tèritwa yo” oswa “egzamine règleman tèritwa lokal yo.”? [Nou p ap egzamine règleman yo nan kad etid sa a, sepandan, se kapab yon rekòmandasyon/solisyon pou revize règleman yo.](#)
- Paj 7 Kominikasyon: Èske Vil la asire kominikasyon yo nan diferan lang, san wete materyèl pou moun ki pa byen wè oswa pa byen tande? [Wi, Vil la ap fè efò pou bay dokiman yo nan plizyè metòd ak plizyè lang.](#)
- Kesyon: Èske Vil la posede dig? [Vil la posede kèk dig, sepandan, pifò dig yo se pwopriyete prive. Konte a enpoze yon wotè pou dig yo ki ap aplikab pou tout dig alavni yo.](#)
- Kesyon: Èske etid sa a annik konsantre sou vilnerabilite, pa sou solisyon? [Etid la konsantre sou vilnerabilite anrapò ak aktif ki gen nan Vil la, men, ladan li ap gen rekòmandasyon pou kèk solisyon tou.](#)
- Kesyon: Ki objektif etid sou enfrastrikti yo te genyen? [Plan Jeneral la te plis konsantre sou aktif ki lye ak Dlo Potab, Dlo Ize, ak Dlo Lapli. Tout etid la disponib anliy.](#)
- Kesyon: Èske FPL, AT&T, Comcast, elatriye, te evalye enstalasyon yo? [Rive pou kounye a, sanble lòt konpayi sèvis piblik yo pa evalye enstalasyon yo.](#)
- Kesyon: Lè yo te kreye Plan Jeneral la, èske yo te egzamine wout ki ba oswa ansyen wout yo? [Plan Jeneral la pa t konsantre sou transpò/wout, sepandan, nou konsyan gen yon kè ansyen seksyon/zòn ki pi ba nan Vil la. An jeneral, nou kowòdone Pwojè Dlo ki asosye ak Plan Jeneral la ansanm ak reparasyon lari yo yon fason pou yo rantab. Nou estime anviwon 10% wout nan Vil la se wout ki ba ki kapab inonde pandan moman siklòn yo. Sepandan, monte nivo wout yo kapab pa yon solisyon paske sa ap elimine estokaj dlo yo, men, sa ap lakoz dlo lapli yo ale nan pwopriyete prive yo.](#)



Minit Reyinyon | Reyinyon Komite Kowòdinasyon #1

19 Janvyè 2023 | 4:00 p.m.

Konvèsasyon nan Tèt Ansanm

- Kesyon: Èske etid sa a konsantre sou ond siklòn yo oswa li konsidere dlo anba tè yo ak chalè a? [Dlo anba tè yo antre nan nivo lanmè a ki ap monte a, sou baz pwojeksyon ki soti nan Konte Broward. Nou pa konsidere efè chalè a nan etid la.](#)
- Kesyon: Èske yo te pwopoze retrè pwopriyete yo kòm yon solisyon? [Se pa yon solisyon pou kounye a. Objektif la se jwenn lòt efò rediksyon pou jere nivo lanmè a ki ap monte a.](#)
- Kesyon: Èske dlo lapli fè pati etid la? [Wi, lapli fè pati etid la sou baz done Konte a sou Ond Siklòn yo.](#)
- Kesyon: Èske yo ap pataje sous done yo? [Nou ap site sous yo.](#)
- Kesyon: Èske yon blòk/seksyon pwopriyete antye kapab konstwi yon sèl dig epi pou yo pataje depans yo? [Wi, sepandan se ap yon akò prive ant moun ki posede pwopriyete yo.](#)
- Kesyon: Èske gen dispozitif anti-refoulman ki deja anplas nan rezo tou rego pou lapli yo? [Non, sepandan, Vil la te mande yon sibvansyon pou fè travay sa a.](#)

Nou te revize dat pwochen reyinyon yo epi nou apwouve yo.

Reyinyon ate repòte a 4:55PM.



Prensip Direktif pou Pwojè Janvyè 2023

Wilton Manors te etabli prensip direktif pou travay ki gen rapò ak SLR VA. Se yon seri prensip komen ki dwe ankadre kwasans ak devlopman vil la alavni. Prensip direktif sa yo ankadre analiz ak rekòmandasyon ki chita sou plizyè aspè nan vilnerabilite kominote a, san wete konsiderasyon sosyo ekonomik, anviwònmantal, imobilye ak enfrastrikti.

Patenarya ak Kolaborasyon

Chanjman klimatik yo ak konsekans yo pa kanpe nan fwontyè minisipal yo, epi fason yon kominote adapte li kapab ranfòse oswa febli akòz aksyon ki fèt nan yon lòt. Vil la ap kontinye kowòdone efò pou adapte ak klima ant jiridiksyon nan vwazinaj yo, chèche jwenn opòtinite finansman, konsidere investiman/inisyativ piblik epi egzamine posibilite pou fè patenarya piblik prive. Yon eleman enpòtan nan prensip sa a se fè adaptasyon ak rediksyon yo vin pi aksesib pou tout moun.

Enfrastrikti ak Anviwònman ki Konstwi

Estrateji pou pwoteje anviwònman ki konstwi a ap entegre pi bon done syantifik ak previzyon klimatik ki disponib yo nan kad Akò Rejyonal sou Chanjman Klimatik Sidès Florida a (Southeast Florida Regional Climate Change Compact). Nou ap detèminie previzyon klimatik ak estrateji adaptasyon yo sou yon orizon tanporèl ki koresponn ak dire lavi epi ak kritik aktif nou ap trete a. Vil la rekonèt adaptasyon an dwe ekilibre solisyon enjenyè yo, san wete estrateji ki baze sou lanati, ansanm ak lòt estrateji planifikasyon alontèm yo. Vil la ap idantifye epi itilize objektif ki baze sou lasyans (SBT) ak kèk domèn aksyon nan kesyon adaptasyon pou priyorize envestisman piblik epi pou limite nouvo devlopman nan zòn ki pi vilnerab ak efè klima a.

Ekonomi

Adapte avèk chanjman klimatik yo enpòtan pou ekonomi vil la. Lè devlopman ekonomik la apwopriye, sa ap fèt yon fason pou pwoteje, kenbe, epi amelyore resous kotyè yo, anviwònman ki konstwi a, sit istorik yo ak touris la. Epitou, li ap respekte règleman lokal yo nan kesyon devlopman tèritwa a epi, kote sa apwopriye, Vil la ap egzamine règleman lokal nan kesyon devlopman yo pou potansyèl amelyorasyon.



Anviwònman Natirèl

Devlopman politik yo ap konsidere efè chanjman klimatik la sou baz pi bon done syantifik ki disponib yo epi yo ap fikse objektif pou asire nivo pwoteksyon ki pi wo a pou resous natirèl yo, biyodivèsite a, sistèm natirèl yo ak kalite anviwònman an. Estrateji nou idantifye nan Domèn Aksyon pou Adaptasyon yo ap pèmèt nou kreye espas vèt oswa espas ouvri ki planifye, pou pwoteje epi pètèt elaji abita yo, epi redui oswa diminye sous polasyon yo.

Egalite Sosyal

Estrateji adaptasyon ak rezilyans yo dwe pwoteje lavi moun, pwopriyete piblik ak prive yo, ak resous kiltirèl yo kont efè chanjman klimatik yo. Nou dwe klase aksyon yo nan lòd priyorite pandan nou ap konsidere vilnerabilite ekonomik ak sosyal la pou gen asirans efè klima a p ap afekte kominote yo ak popilasyon defavorize yo yon fason demezire.

Repons nan Ka Ijans

Vil la ap aplike politik, zouti, ak règ fòmasyon yo pou ede nou prepare epi reyaji fas ak gwo boulvèsman akòz efè chanjman klimatik yo, nan objektif pou kenbe ak retabli operasyon ki enpòtan yo san pèdi tan yon fason pou diminye efè negatif sa genyen sou moun, pwopriyete ak anviwònman an.

Kominikasyon

Vil la ap bay prensip ak konsèy pou sansibilize aksyonè yo epi pou pibliye mesaj grasa rezo sosyal yo ak medya tradisyonèl yo pou rive atenn tout popilasyon yo, san wete popilasyon ki pa byen sèvi yo. Dokiman sansibilizasyon yo dwe disponib an Espanyòl ak Kreyòl Ayisyen, ansanm ak Anglè. Epitou, si sa nesèsè, enfòmasyon yo ap disponib nan lòt vèsyon pou rezidan ki pa byen wè, pa tandè byen, oswa ki gen andikap fizik yo. Dokiman sansibilizasyon yo dwe toujou gen yon konpreyansyon debaz sou pwoblèm yo, deskripsyon solisyon yo, ak yon atant pou nivo sèvis ki posib nan yon anviwònman ki ap chanje akòz priyorite konkirans yo. Mesaj yo dwe baze sou done syantifik, san paspouki, ak transparans nan objektif pou pèmèt aksyonè yo pran desizyon ki reflechi.